# ІАМИРАН КІАНТ САІИД

(Дела реза хуьлийла цунна)

**«Жумахьийн тайпана волу Іамиран кІант СаІид ву дуьненах эхарт эцна, дерриге хІума дІа а теттина, АллахІ, Цуьнан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **а хаьржина волу къонах».**

Жумахьийн тайпана волу Іáмиран кІант СаІи́д цІе йолу жима къонах, къурайшийн тхьамданийн кхайкхамца Маккин йистошкарчу «ТанІим» цІе йолчу меттиге, Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабех волу Іадийн кІант Хубайб цара тешнабеххкаца лаьцначул тІаьхьа вуьйш, хьажа гулбеллачу эзарнех цхьаъ вара.

Юьззинчу къоналло, шен лааме кхача гІертачу жималло а кадаьккхира цуьнан, шен белшашца нах дІаса тоьттуш, цу тобанна куьйгалла дечу Хьарбан кІант Абу Суфьян, Умаййатан кІант Софван а санна, болчу къурайшийн тхьамданашца хьалхха нисвала.

И дар бахьана долуш, цуьнан аьтто белира буржалш тоьхна волу къурайшийн йийсар ган, зударийн, берийн, кегийрхойн а куьйгаша тоьттуш валош. Вен кечйинчу майдане тоьттуш вуьгуш вара иза, Мухьаммадера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) чІир оьцуш иза верхьама, иштта иза верца шайн Бадрунехь байинчеран чІир екхархьама а.

* * *

Барам боцуш йоккха йолу и тоба шайн йийсархо валош, шаьш и вен кечйина йолчу меттиге дІакхаьчча, шен лекхачу дегІаца Жумахьийн тайпана волу Іамиран кІант СаІид, ирх уллучу тангІалкхана тІевуьгучу Хубайбана хьалхха дІахІоьттира. Зударийн, берийн а цІогІанашна юккъехула СаІидана хезира Хубайбан тийна, доьналлийца долчу озо олуш: «Со веле соьга ши ракаІат ламаз дайта, шайн йиш елахь, дайтийша соьга и…»

Цул тІаьхьа Жумахьийн тайпана волчу Іамиран кІантана СаІидана Хубайба къилбехьа а вирзина, ши ракІат сунт ламаз деш гира. Ма хаза дар-кха и шиъ! Ма дуьззина дар-кха и шиъ!

ТІаккха цу къоман тхьамданашна тІевирзина, Хубайба олуш хезира цунна: «ВаллахІи, Делах дуй буу аса, валарх кхеравелла, ламаз дахдина аьлла шуна хетар дацахьара, ламаз дехха дина хир ма дара аса…»

Цул тІаьхьа Жумахьийн тайпана волчу Іамиран кІантана СаІидана шен юьхь тІерачу шина бІаьрга гира шен къомо, дийна волушшехь, ийзош, Хубайбана тІера цхьацца меже а йоккхуш, цунна тІе мохь хьоькхуш: «Тахана хьайн меттана Мухьаммад волуш, хьо кІелхьара ваьлла хуьлуйтур варий ахьа?»

Шена тІера охьаоьхуш цІийн Іовраш йолуш, цо олура: «ВаллахІи, со маьрша волуш, сайн зудчуьнца, кІантаца вехаш хила луур ма дацара суна, Мухьаммадна цхьа къохцалг а Іотталуш». ТІаккха наха шайн куьйгаш стигала хьалаайдора, цІогІанаш а тухуш: «Ве иза...ве иза...» - бохуш.

Жумахьийн тайпана волчу Іамиран кІантана СаІидана тангІалкха тІехь воллучу Хубайба, шен ши бІаьрг стигала хьажош, олуш хезира: «Я АллахІ! Кхарах цхьа буха ца вуьтуш, кхаьргара хІорангара, ше-шегара оьцуш, чІир эцахь, хІорш байий дІабахахь, кхарах цхьа дийна ма витахь!»

ТІаьххьара шен садаьккхира цо, шен дегІа тІехь, цхьана дега ягарлур йоцуш таррийн, цамзанийн а дуккха чевнаш йолуш.

* * *

Къурайший Макка юхабаьхкира, цара йоккхачу цІийн айманахь тесна витира Хубайб. Амма кхиънаваьллачу кІантана, Жумахьийн тайпана волчу Іамиран кІантана СаІидана, цхьана минотана а коьртера дІа ца волура Хубайб. Цунна ша дІавижча гІенахь гора иза я ша сема волуш дуьхьалара а ца волура цунна иза, тангІалкхана хьалха тап-аьлла тийна долуш, ши ракаІат ламаз деш дуьхьал хІуьттура цунна цуьнан сурт. Цунна шен лерехь хезара, цо къурайшашна дина долчу доІин аз. СаІид кхоьрура чІогІачу цІогІано ша хІаллакварна я стиглара шена тІе цхьа йоккха тарх йожарна.

Хубайба СаІидана Іамийра, цунна хьалха хууш цахилларг. Иштта Хубайба цунна Іамош довзийтира бакъдолу дахар, велла дІаваллалц АллахІах тешар, АллахІах тешаран некъа тІехь къахьогуш хила везар а. Иштта цо СаІид кхетийра, АллахІах кІорггера тешаро инзаре тамашийна белхаш, даккхий Іаламаташ а хІиттош хиларх. Кхин цхьа хІума Іамийра цо цунна: и дара, шен асхьабашна оццул боккхачу безамца везаш волу стаг, стиглара дуьйна охьачІагІвина волу Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хилар.

Цу хенахь АллахІа Жумахьийн тайпана волчу Іамиран кІантан СаІидан дог Ислам-динна дІадиллира. Цул тІаьхьа цхьана нахана юккъе дІа а

хIоьттина, цо дIакхайкхийра, ша къурайшийн къинойххий, гIалатонеххий цIена хилар, церан цIунашший, жIарашший ша дIайохург хилар, ша АллахIан дине вогIуш хилар а.

* * *

Жумахьийн тайпана волчу Iамиран кIанта СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) Мадинате хIижрат дира. Иза даима Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) улловаьлла лийлира. Делан Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) «Хайбар» олучу меттехь динчу гIазотехь дакъалецира цо, иштта кхидолчу гIазоташкахь а.

Сийлахь волу Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шена реза а волуш, Делан кхеле вирзинчул тIаьхьа, Абу Бакаран, Iумаран а (Дела реза хуьлийла цаьршинна) куьйгаллина кIел лаьттира иза, керстанна дуьхьал баттара даькkхина тур а хилла. Иза вехира, дуьненах эхарт а эцна, шен сина дезачу хIуманел, дегIан лаамел а АллахI реза веш, Цуьнгара меле сатуьйсуш волчу муъмин стагана ша башха масал а хилла.

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шина халифана девзаш дара Iамиран кIентан СаIидан бакълеррий, цуьнан Делах кхераррий. И шиъ вара цуьнан хьехаре ладугIуш, цуьнан дашна тIетевжаш а.

ХаттIабан кIант Iумар (Дела реза хуьлийла цунна) паччахь ма-вахханехь, и волчу а вахана, цо цуьнга аьллера: «ХIай Iумар, аса весет до хьоьга, нехан хьокъехь долчу хIуманна Делах кхералахь. Делан хьокъехь долчу хIуманна нахах ма кхералахь, айхьа лелориг айхьа бохучунна дуьхьал ма хилийталахь. Баккъалла а, уггаре дика дош – цу стага лелочуьнца догIуш дерг ду хьуна. ХIай Iумар, Дала хьайн кара шен болх белла волчу генарчу, гергарчу бусалба стеган бIаьрахьаьжжина хилалахь даима, хьайна, хьайн цIийнан охIланна деззарг царна а дезалахь, хьайна, хьайн цIийнан охIланна хила ца луург царна ма лаалахь, бакъонна чуволалахь. Делан хьокъехь долчунна хьайгара бехк боккхучун бехках ма кхералахь.

ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «И хьаьнга далур ду, хIай СаIид?!»

СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Иза дан ницкъ кхочур бу, Мухьаммадан умматна АллахIа тIехIоттийна волчу, хьо санна волчу стеган».

* * *

Цу хенахь ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) шена гIо дан тIе а кхайкхина, цуьнга элира: «ХIай СаIид, хьо Хьимсанна тIехIотто дохку тхо». ТIаккха СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «ХIай Iумар, АллахIан дуьхьа доьху аса хьоьга, со талха ма вахьара ахь». ТIаккха, оьгIаз а вахана, Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Дакъаза ма довларш, хIара болх сан ворти тIе биллина, со дIатеси-кх аш! ВаллахIи, аса хьо иштта Iад вуьтур ма вац!»

Цул тIаьхьа цо иза Хьимсанна тIехIоттийра. Цо элира: «СаIид, хьуна цхьа алапа хIоттийча хIун дара те оха?» СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Аса хIун до цунах, хIай муъмин нехан паччахь, бусалба нехан «байт аль-малера» оьцург сайна оьшучул а сов долу-кх суна?!» - аьлла, Хьимсе дIавахара иза.

* * *

Цул тIаьхьа дуккха хан-зама ялале, Iумар (Дела реза хуьлийла цунна) волчу баьхкира Хьимсера и тешаш волчу нехан векалш. Цо цаьрга элира: «Шайн мискачу нехан цIераш дIаязъел суна, церан хьашташ кхочушдан воллу со». Цара церан цIераш тIехь йолу кехат дIакховдийира цуьнга, цу тIехь вара хьенех, минех, Жумахьийн тайпана волу Iамиран кIант СаIид а (Дела реза хуьлийла цунна).

ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) хаьттира: «Iамиран кIант СаIид мила ву?!» Цара элира: «Тхан эмир ву». Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Шун эмир миска ву ткъа?» Цара элира: «Дера и миска ма ву, валлахIи, цуьнан хIусамехь цIе латоза дехха денош дIа а ма доьлху».

Iумар (Дела реза хуьлийла цунна) вилхира, шен бIаьрхиша маж тIадаяллац. Цул тIаьхьа 1000 (эзар) шай схьа а эцна, иза бохчи чу а диллина, цо элира: «Соьгара салам-маршалла дIало цуьнга, аша цуьнга дIаала, муъмин нехан паччахьо Iумара хьуна хIара даьхни дайитина, хьоьга хьайн гIуллакхаш листа аьлла».

* * *

Векалш, бохча дохьуш, СаIид (Дела реза хуьлийла цунна) волчу баьхкира, цу бохчи чу хьаьжча, цу чохь ахчанан шайнаш дайра цунна. СаIид (Дела реза хуьлийла цунна), и шайнаш шена гена а дохуш, шена тIе цхьа доккха вон деанча санна, я шен керта цхьа бала боьссича санна, «Инна́

лилла́хIи ва инна́ илайхIи ро́жиIу́н» - баха вуьйлира.

Кхераелла, сихонца схьаедира цуьнан хIусамнана. Цо элира: «ХIун хилла хьуна, хIай СаIид, муъмин нехан эмир вала-м ца велла?» СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Бакъдерг аьлча, цулла а доккханиг хилла-кх». Зудчо хаьттира: «Бусалба нах тIам тIехь эша-м ца эшна?» СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «ХIан-хIа, цулла доккханиг хилла-кх». Зудчо хаьттира: «Цулла доккханиг хIун ду те?» СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Сан эхарт талхорхьама, дуьне карадеа-кха суна, сан хIусаме питана а деа-кх».

Иза ахча дуйла ца хууш йолчу зудчо элира: «Цу балех хьалха валахьа тIаккха». СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «ТIаккха цу тIехь суна гIо дой ахь?» Зудчо элира: «ХIаъ, до». ТIаккха и ахча схьа а эцна, бохчанаш чу дIаса а декъна, цул тIаьхьа бусалба нахах миска болчарна дIасадийкъира СаIида (Дела реза хуьлийла цунна).

* * *

Дукха хан ялале, нехан хьал муха ду хьожуш, ХаттIабан кIант Iумар (Дела реза хуьлийла цунна) Шеман ярташка веара. Iумар (Дела реза хуьлийла цунна) Хьимсе кхечира, иштта цу Хьимсах «КувайфахI» олуш а хилла (и дош «Куфа» бохучух схьаэцна ду, цуьнан маьIна хуьлу «Жима Куфа»). Иза «Куфа» олучу шахьарх тарйина, цуьнан бахархоша, Куфан бахархоша санна, шайн белхалошна, куьйгалхошна а дукха аьрзнаш до дела.

Хьимсе дIакхаьчча, Iумаре (Дела реза хуьлийла цунна) салам-маршалла хатта тIегулбелира юьртан бахархой. Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) хаьттира: «Шайн эмир муха хета шуна?» - аьлла. Бахархоша Iумарна (Дела реза хуьлийла цунна) хьалха шайн эмирна аьрзнаш дира: цхьаъ вукхул доккха а долуш, шаьш реза доцуш долу цуьнгара дуьйлу диъ хIума дийцира цара цуьнга.

Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) боху: «Аса уьш дуьхь-дуьхьал хIиттийра. Со цу эмирах барам боцуш чIогIа тешаш вара. АллахIе дийхира аса, со цуьнан хьокъехь юьхьIаьржа цахIоттавар». Уьш шайн эмирца цхьаьна сайна хьалха гулбелча, аса хаьттира: «Стена тIехь реза дац шу шайн эмирана?» - аьлла. Цара элира: «Де къовккъалц тхуна ара ца волу хIара». Аса элира: «Цунна хIун олу ахьа, хIай СаIид?» Цхьа кIеззиг сецна а Iийна, цо элира: «ВаллахIи, и дийца ма ца лаара суна, амма ца дийцича ца долу-кх иза.

Кертахь доьзална ялхо вац сан, хIора Iуьйранна хьала гIоттий, царна бод хьакхабой, и совссалц Iай, цул тIаьхьа царна цунах кхаллар доттий, ламаз оьций, нехан хьашташна араволу со».

Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) боху, юха ша хьаьттира: «Кхин хIун ду шу цунна реза доцург?» - аьлла. Цара элира: «Буйсанна цхьанне а жоп ца ло кхуо». Аса элира: «Цунах лаьцна хIун олу ахьа, хIай СаIид?» СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Иштта иза кхайкхо а ца лаьар-кха суна. Баккъалла а, сайн де дерриге царна дIа ма делла ас, ткъа сайн буьйса Сийлахь-Везчу АллахIна дIаелла аса».

ТIаккха аса элира: «Кхин хIун ду шу цунна реза доцург?» Цара элира: «Иза батта чохь долчу цхьана дийнахь тхуна ара ца волуш чохь Iа». Аса элира: «И хIун ду, хIай СаIид?» СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Ялхо вац сан, хIай муъмин нехан паччахь, сайна тIехь йоцург кхин бедарш яц сан. Баттахь цкъа уьш йитта йиттий, тIаккха уьш якъаяллалц чохь Iа со, цул тIаьхьа, де чекхдолуш кхарна араволу со».

Цул тIаьхьа аса элира: «Иштта кхин хIун ду шу цунна реза доцург?» Цара элира: «Шеца мажлисехь берш биц а бой, цхьаьна юкъанна кхетамчуьра волий вуьсу хIара». Аса хьаьттира: «Иза хIун ду, хIай СаIид?» ТIаккха СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Со Делаца накъост вечарах волчу хенахь, Iадийн кIант Хубайб вуьйш хьажа ваханера со. Суна цигахь къурайшаша цуьнан дегI доруш гира: «Тахана хьайн меттана Мухьаммад хуьлуьйтур варий ахьа» бохуш, цунна тIе маьхьарий хьоькхуш?» Хубайба олура: «ВаллахIи, со маьрша волуш, сайн зудчуьнца, кIантаца а хила луур ма дацара суна, Мухьаммадна цхьа къохцалг а Iотталуш». И де сайна дагадеъча, айса цунна гIо хIунда ца дира те олий, Дала сайна гечдийр дуй те олий, бIарзлой вуьсу-кх со. ТIаккха волу-кх со кхетамчуьра а».

ТIаккха Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Цуьнан хьокъехь со юьхьIаьржа ца хIоттийначу АллахIна хастам бу-кх». Цул тIаьхьа цо цунна 1000 (эзар) шай дахьийтира, цуьнга шен гIуллакхаш листийта. Шен цу шайнех бIаьрг ма-кхийтти, цуьнан зудчо элира: «Хьо балхах хьалхавоккхуш, вайн аьтто биначу АллахIна хастам бу-кх. Вайна юург эцахь, ялхо а лацахь вайна».

ТIаккха СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) цуьнга элира: «Цул а диканиг дезий хьуна?» Зудчо элира: «И хIун ду хIинца?!» СаIида (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Уггаре вайна оьшучу хенахь вайна схьалур долчунна дIалур ду вай иза». Зудчо элира: «Иза хIун ду ткъа?» СаIида (Дела

реза хуьлийла цунна) элира: «Иза АллахӀе духалург хаза дӀалур ду вайшимма». Зудчо элира: «ХӀаъ, дика ду, АллахӀа диканца бекхам бойла хьуна».

Ша цу мажлисера дӀавалале, и шайнаш бохчанашка дехкина, шен доьзалех цхьаьнга элира цо: «Хьада, вало, хьенехах йисанарг йолчу, хьенехан байш долчу, хьенехеран мисканаш болчу, аьтто боцуш болчу минехаьрга а гӀой, дӀало хӀорш». АллахӀ реза хуьлийла Жумахьийн тайпана волчу Ӏамиран кӀантана СаӀидана, баккъалла а, ша хӀумане мел чӀогӀа хьашто йолуш велахь а, нахана дӀалучарах вар-кха иза!